

**Ikinyamakuru
ca Ekleziya
Katolika
Umwaka wa 72
Gisohoka kabiri mu
kwezi
Ikiguzi : 500FBu**

NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongezi y'Uburundi.
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza »
Jn 10, 11a

Email: ndongozi.journal1939@gmail.com

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. WhatsApp 71532337 N°847 15 Nyakanga 2025

Tumenye ivyo twemera, tubigendere bidukomereze ukwemera

Tubandanya twishura ku bibazo canka amakenga bamwe n'abandi tudasangiye ukwemera kwose, bafise ku vyerekeye ibikoresho canke ibishusho Ekleziya yemera kandi ikoresha mu migirwa yayo. Gusoma neza no gutahura Iyanditswe Vyeranda bituma turonka umuco ukwiye.

Isandugu y'isezerano ni iki mu Bwuzure bwa kera?

Isandugu y'isezerano ya-



Isandugu y'isezerano ryo mu Bwuzure bwa kera

ri isandugu nyeranda yakozwe n'Abanyisrayeli, ari Imana ibibategetse kandi bisunze ingero yatanze. Ni yo bashiramwo ya Mategeko cumi yari yanditse ku bisate bibiri vy'amabuye (Ihunguka 25,8-10).

• Ukuntu yari ikozwe.

Yapima amatambwe abiri n'igice y'uburebure (umuntu agereranije ni nka santimetero 111), itambwe n'igice y'ubwa-

Soma ku Rup. 5

Abakozi ba Ndongezi

Uwujejwe uruganda:

* A. Noël NTIRANDEKURA

Abamenyeshamakuru:

* A. Noël NTIRANDEKURA

* Mélance NDAYIKEZE

* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Uwujejwe ubuhinga:

* Chanel HARINGANJI

Umunyamabanga:

* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Umunyabigega:

* MSV Nadine HARAGIRIMANA

Uwujejwe imigenderanire:

* J. de Dieu NDIKUMANA

Narahevyeye vyose, nja kwihebera Imana yo isumba vyose.



Foto: Chanel HARINGANJI

Abigeme 7 bagire bagire bakirwe icese mu muryango w'ababikira b'aba Ursuline b'Umushaha Mweranda wa Yezu

Soma ku Rup. 4

Ibirimwo

o Ihwaniro ry'umuhari w'abasaveri ku rwego rw'igihugu.....6

o Indwara zifatira mu mitsi no mu makonyera zituma abantu badashobora gukora neza.....7

o Abana b'abigeme biyemeje kuronka amanota meza.....9

o Uburenganzira bw'abana bwo gukingirwa.....11

Idominika ya 25 : Umwaka C

Igisomwa ca mbere: *Amosi : 8, 4-7*

Ivyo dusoma mu gitabu c'Umuhanuzi Amosi :

(Itunga ribi ntaco rimarira umutima)

Nimwumve iri jambo mwebwe mukandagira aboro, Nimwumvirize ibi, mwebwe muhonyanga umukene, mugashaka guhonya abarushwa mu gihugu. Muvu-ga muti: "Mbega imboneko z'ukwezi zizohera ryari ngo twishorere ingano; Isabato yo izohera ryari ngo dutekurure imipfuko y'ingano? Tuzogabanya iyefa, twongereze ishekeli, tuzirike iminzane ipime ibi-tari vyo. Aboro tuzobagura amafeza, umukene na we tumugure umwambaro w'inkweto. N'ibikumbi vy'ingano tuzobigurisha!"» Umukama yararahiye ku bw'iteka rya Yakobo, ati: «Sinzokwigerana nibagira ivyo bakoze vyose.»

Igisomwa ca kabiri: *1Timote 2, 1-8*

Ivyo dusoma mw'ikete rya mbere Umutumwa Paulo yandikiye Timote :

(Imana ishaka ko abantu bose bokira)

Mukunzi wanjye, ico nipfuzwa imbere ya vyose rero, ni uko boringaniza ivy'ugusaba, ivy'ugusenga, ivy'ugutakamba, n'ivy'ugukenguruka kugira ngo basabire abantu bose, abami n'abafise ubukuru bose, kugira ngo tubone kurambana iteka n'itekane, mu bukristu no mu bupfasoni. Ivyo ni vyo vyiza kandi bihimbaye mu maso y'Imana yo mukiza wacu, yo ishaka ko abantu bose bokira bagashikira ubumenyi bw'ukuri. Nkako Imana ni imwe, kandi n'umukandizi w'Imana n'abantu ni umwe nyene, akaba umuntu, Kristu Yezu, yitanzeko incungu ya bose.

Ng'iyi intahe yashinzwe mu gihe nyaco. Nanje nashinzwe kuyimenyesha n'ukuyibera umutumwa, mvuze ukuri simbeshya, nkaba n'umwigisha w'abanyamahanga mu kwemera no mu kuri.

Ndashaka rero ko abagabo bosenga hose mu gukizira ibiganza vyeranda, batagira ishavu n'imitongano.

Inkuru nziza: *Luka : 16,1- 13*

Alleluya, Alleluya.

- N'aho yari atunze, Yezu Kristu yarigize umukene kubera mwebwe, kugira ubukene bwiwe bubatungishe.

Alleluya.

Ivyo dusoma mu Inkuru Nziza ya Yezu Kristu nkuko twayishikirijwe na Luka:

(Ntawushobora gukorera Imana n'ifaranga)

Yezu yongera kubwira abigishwa biwe, ati: «Habaye umuntu w'umutunzi yari afise umubwiriza, uwo rero baramumuregako ngo aramusesagurira ibintu. Shebuja rero aramuhamagaza amubaza ati: "Mbega ivyo nkwumvako ni ibiki? Nyereka rero ukuntu wandinganirije ibintu, kuko kuva uyu musu utagisubira gutegeka mu vyanje". Uwo mubwiriza na we yiyumvira ati: "Mbega bane nza kubigenza gute, ko databuja ankuye ku co nahora nkora? Nje kurima, numva ata magara, gushera naho vyongerera isoni! Ariko ndabonye noneho ukuntu nza kubigenza, umusi navuye mu gikorwa canje ndonke abazonsembereza". Yakura rero umwumwe mu bari bafitiye umwenda shebuja, abaza uwa mbere ati: "Databuja umufitiye umwenda ungana iki?" Aramwishura ati: "Impange ijana z'amavuta". Nya mubwiriza na we ati: "Fata urupapuro ruriko umwenda wawe, icara, wandike ningoga mirongo itanu". Yongera abaza uwundi ati: "Weho umufitiye ibingana iki?" Na we ati: "Ibikemanyu ijana vy'ingano". Nya mubwiriza, amushyiriza ati: "Akira urupapuro ruriko umwenda wawe, wandika mirongo umunani". Shebuja rero arashimagiza uwo mubwiriza w'amayeri kuko yari yakoranye ubukerebutsi. Nkako abantu b'iyi si barakebutse kurusha abakorera mu muco mu vy'ukwitwararika ababo.» Nanje rero ndababwiye nti: «Iryo tunga ridatunganye rirondeze abagenzi, kugira ngo umusi rizoba ribavuyeko babasembereze mu nsago zidashira.

Uwuzigama ibanga mu bitagoye azorizigama no mu bigoye. Uwuri indyarya muri bitoyi no mu bihambaye azoba indyarya. None rero, nimwaba mutazi gutunganya itunga ribi, ni nde azobashyiriza itunga nyakuri? Nimwaba mutazi gutunganya iritari rwanu, ni nde azobaha iryanyu bwite? Nta woshobora gukorera ba shebuja babiri, kuko yohava yanka umwe agakunda uwundi, canke yohava ashima umwe, akanabagura uwundi. Ni co gituma mutoshobora gukorera Imana n'amahera.»

Ukuguma muri Yezu: urupfunguruzo rw'ivyiza vyose

Ihwaniro kaminuza ry'umuryango Katolika w'abanagume muri Mutima Mweranda ryabaye kuva kw'igenekerezo rya 4 Myandagaro risozerwa kw'igenekerezo rya 9 Myandagaro muri Foyer de Charité i Bujumbura ku civugo nyamukuru ngo: «*Nimwaguma muri jewe, nayo amajambo yanje akaguma muri mwebwe, muzosaba ico mushaka mukironke*»

Mu nyigisho yatanze na Patiri Amando Kana umwibutsamana w'umuryango Katolika w'abanagume muri Mutima Mweranda ku rwego rw'igihugu, yagaruka mu majambo yumvikana kuri bikuru bikuru bigize ico civugo.

Ukuguma muri Yezu

Patiri Amando kana ati: «Imbere yo gushika ku ntambwe yo gusaba ico dushaka, ni ngombwa ko tubanza gutegeza ukuri Yezu yashatse guhishurira abigishwa biwe mur'iri Jambo «*Ni mugume muri jewe*»»

Ni ijamba rihambaye kandi rishitsa imizi kure. Yezu ntiyavuze ngo ni mugume iruhande yanje canke kumwe nanje. Yavuze «*Nimugume muri jewe*»

Kubwa Ignace de la POTTERIE, umuhinga yaminuje mu vy'inyandiko nyeranda, iyo mvugo « idondora intambwe z'urugendo rw'ukwemera kw'abakristu mu buciti bafitaniye na Kristu na Data.

Mu mvugo isanzwe ijamba «ukuguma» rikoreshwa bagomba kuvuga ahantu canke ukuntu. Yezu we yavuze kuguma muri We kugira nawe agume muri twebwe.

Ukwo kuguma muri we bitwerekeza mu nzira ishikana ku bunywanyu bw'umutima bwimbitse bushikirwa n'uwuzi kugira nka Yezu Kristu we nyene mu bunywanyu bwiwe na Se.

Inyishu yahaye umutumwa Filipo irabitwumvisha: «Ni ukuri ni munyemere, jewe ndi muri Data nawe Data akaba muri jewe.» (Yohani 14, 11). Ukwo kuba muri Se, nawe akamubamwo si ibintu vy'inyuma. Ni ivy'imbere. Ni ivy'umuntu w'imbere, umwe Paulo mweranda avugaga ati: «Data (...) ni abahe gukomera cane kubera Mutima wiwe, kugira ngo umuntu w'imbere abakuriremwo » (Ep 3, 16). Ahandi naho Paulo ati: «N'aho umuntu wacu w'inyuma ariko arabora, umuntu wacu w'imbere we yama yiyubura akaba mushasha» (2 Col 4,16)

Yezu Kristu yamana na Se kuko yaguma muri Se, Se na we akamugumamwo imbere, mu muntu w'imbere.

Aha niho hari akabanga twomenya kadutuma tuguma muri Yezu : kwinjira imbere, kubana n'umuntu w'imbere, kwitwararika umuntu w'imbere, kwumviriza



umuntu w'imbere... umwe abarundi bavugaga iyo babwiye umuntu bati : « fata akanya ubaze umutima ...». Akabanga ko kuguma muri Yezu kari ngaho.

Twihweje Yezu Kristu mu kubaho kwiwe, mu nyifato yiwe no mu migenderanire yiwe n'abantu, dusanga yamana n'umuntu w'imbere. Natwe Yezu aduhamagariye kuguma muri We ngo nawe atugumemwo. Ivyo na vyo bidusaba kurengana umuntu w'inyuma tukinjira imbere guhura no kuyaga n'umuntu w'imbere.

Marthe Robin niwe yamaze ati: « Kugira ngo ube mu Mana, ni ngombwa kuba imbere ».

Augustino Mweranda nawe ati: «Garuka mu mutima wawe. Ni kuki uguma wiruka kure yawe bigatuma utakara kubera ikosa ryawe? (...) Banza ugaruke mu mutima wawe. Uriko urayerera hanze, iyo womokeye kure ya wewe nyene (...). Garuka mu mutima wawe, ubone muri wo kumbure ivyo ubwirizwa kwiyumvira

ku Mana.

Kristu yibera mu muntu w'imbere. Mur'uyo muntu w'imbere, niho unagurirwa ngo ube agashusho k'Imana» .

Muri uyo muntu w'imbere:

- Niho duhurira buhure n'umupersona Yezu Kristu,
- Niho tuyagira akayago k'umutima n'umupersona Yezu Kristu,
- Niho twungira ubucuti twisangije n'umupersona Yezu Kristu.
- Niho hari ingoro yiteguriye ngo yiberemwo.
- Ni naho avugaga ko uwushaka gusenga yokwinjira: «*Weho rero ni washaka gusenga, injira mu cumba ahiherereye, uwugare urugi, uheze usenge So wawe ari ahihishije*» (Matayo 6, 6).

«Kugira ngo ube mu Mana, ni ngombwa kuba imbere» (Marthe Robin). Muvukanyi, dutegereye rero neza ico Yezu adusavye: «Ni mugume muri jewe» bisigura kuri wewe na jewe. Ni mugume mu buciti, mu bunywanyu bwanje nawe.

Mélance Ndayikeze

Patiri Noël Ntirandekura

Narahevyeye vyose, nja kwihebera Imana

Yo isumba vyose



Foto: Chanel HARINGANJI

Ababikira 4 (uhereye i bubamfu bwawe) bagize indagano burundu

Umuryango w'ababikira b'aba Ursuline, uherutse kugabana abigeme batanu

Ku wa 7 Nyakanga uyu mwaka, umuryango w'ababikira b'aba Ursuline, waruramukanye urubanza rudasanze nk'uko vyama bigenda uko umwana utashe, wo kwakira indagano za mbere ku bigeme babisavye bakongera bakavyemererwa, hamwe n'indagano za burundu.

Ivyo birori vyabereye aho mu gisagara ca Bujumbura muri Cathedrale Regina Mundi isaha zine zo mu gitondo, birongowe na Musenyeri Anatole Ruberinyange, icegera c'Umwungere mukuru wa diyoseze nkuru ya Bujumbura.

Ibisomwa vy'uwo musibirangiye, imbere y'uko intumwa y'umwungere ashikiriza insiguro y'Ijambo ry'Imana igihugu c'Imana cari aho, mama Grace Arakarwira yari yatowe n'umuryango kugira abe umworosha w'ivyo birori, yaciye ahamagara abo bigeme uko ari 7 umw'umwe mwizina ryiwe, nabo bakitaba bati: « Urampagaye, ndarengutse Mukama ».

Abo nabo ni :

- Novice Elisa Jeanine Niyokwizera avuka muri paruwase Mubuga-Rutonde diyoseze Gitega,

- Novice Mariya Chantal Ntakarutimana avuka muri paruwase Kabezi diyoseze Bujumbura,

- Novice Evelyne Bimemyimana avuka muri paruwase Shombo diyoseze Gitega,

- Novice Adelayida Bigirimana avuka muri paruwase Mubimbi diyoseze Bujumbura,

- Novice Fabiola Icoitungiye avuka muri paruwase Gihanga diyoseze Bubanza,

- Novice Emelyne Irakozze avuka muri paruwase Rutana diyoseze Rutana,

- Novice Anitha Niyukuri avuka muri paruwase Rushanga diyoseze Gitega.

Bahejeje kwivugira ubwabo ko batigeze bahindura icifuzo cabo co kwihebera Imana, hacye hahamagarwa abandi babikira 4 babisavye kandi baravyemererwa kugira indagano za burundu, na

bo nyene bakitaba nk'aba mbere. Abo nabo ni:

- Mama Maria Jeanette Menedora Ndoricimpa, avuka muri paruwase Jenda diyoseze Bujumbura,

- Mama Maria Evelyne Ndimurukundo avuka muri paruwase Gisozi diyoseze Gitega,

- Mama Maria Livine Melodienne Nisabwa, avuka muri paruwase Kabezi diyoseze Bujumbura,

- Mama Maria Lea Niyonzima avuka muri paruwase Jenda diyoseze Bujumbura.

Inyuma yaho, intumwa y'Umwungere muri ivyo birori musenyeri Anatole Ruberinyange, yaciye yitsa Ijambo ry'Imana, mu kubamenyesha ko Ima-



Foto: Chanel HARINGANJI

na ari yo yabahitanyemwo mu kubitorera nabo bakayemerera mu kutubaka izabo ngo bagwize umuryango.

Uko kuva mu miryango yabo, bagahitamwo kwifatira ingingo yo kwihebera Imana, si ibisanzwe bisaba kwicara ugasenga. Iryo sezerano bunze n'Imana, rizoshigikirwa n'ukwemera nkako Imana ntiyigera ihemuka kw'iseserano ryayo. Mama Maria Sylvana

Merlotti aserukira uwo muryango kw'isi, akaba yaje kubakirira izo ndagano avuye mu gihugu c'Ubutaliyano, mw'ijamba ryiwe yavuze ati : «Bakunzi banje, mukwitaba ijwi ry'Umukama, muba mwiyeje gushingira intahe muri bene wanyu. Ntimugire ubwoba ariko mwizigire imisi yose naho vyoba bibasaba kwitanga, nta na kimwe cobakura kuri iryo teka mutewe n'urwo rukundo rutagira ingero».

Yaboneyeho guhamagarira urwaruka na cane cane urwaruka rw'i Burundi kuninahaza no gushemeza Mana Data kugira ashobore guteza imbere ivyamwa vy'urukundo rwayo mu kubashiramwo icyumviro co kuyikorera hamwe no gukurikira inzira yayo.


Ivyo birori bikaba vyabaye ku civugo ngo : «Ntaho Umukama yigera yibagira isezerano yiwe» Zaburi 105

Mwumenya ko uwo muryango w'ababikira b'aba Ursuline b'Umushaha Mweranda wa Yezu watangujwe n'umwubahwa Mama Maria Ignacia Izaki mu mwaka w'1893, ukaba washitse hano iwacu mu Burundi mu mwaka 1991, ushikirira muri paruwase ya Bukwavu diyoseze nkuru ya Bujumbura.

Kugeza muri kino gihe uwo muryango ufise ababikira bangana 64 b'abarundi.

Chanel HARINGANJI

Tumenye ivyo twemera, tubigendere bidukomereze ukwemera



guke (cm 67), hamwe n'itambwe n'igice y'amahagarara (cm 67).

Yari ikozwe mu giti c'umunyinya kandi yari yometseko inzahabu imbere n'inyuma, ikagira n'ibicapo vyiza ku mpera.

Umufuniko wayo wari ukozwe mu nzahabu ikomeye, uriko n'abakerubi babiri bakozwe mu nzahabu ku ntango no ku mpera. Abo bakerubi bararabana, amababa yabo nayo akaba ashanje araba hejuru apfutse iyo sandugu.

Iyo sandugu yari ifise ibigombo bine bikozwe mu nzahabu hejuru y'amaguru yayo.

Yari ifise iminiho y'igiti c'umunyinya yometseko inzahabu, bayicisha muri vyo bigombo kugira bare-rure iyo sandugu (Ihunguka 25,10-21; 37,6-9).

• Aho bayishira.

Bayishira Aheranda Rwose h'itaberenakulo. Itaberenakulo yari ihema yo gusengeramwo yashobora kwimurwa. Yakozwe igihe kimwe n'iyi sandugu. Aheranda Rwose hari hakingiriwe ku buryo abaherezankuka n'abantu batahabona. (Ihunguka 40:3,21).

Umuherezankuka mu-

kuru ni we gusa yahinjira rimwe mu mwaka, ku musi w'impongano akabona iyo sandugu. (Bene Levi 16,2; Abaheburayo 9,7)

Yahavuye yimurirwa aheranda rwose h'urusengero rwa Salomo (1 Abami 6,14.19).

• Igituma yariho.

Iyo sandugu yarimwo ibintu vyeranda vyibutsa abanyisirayeli isezerano Imana yagiranye na bo ku musozi wa Sinayi. Yarakoreshwa ku Musi mukuru w'impongano. (Bene Levi 16 :3.13-17).

• Ivyarimwo.

Yarimwo ibisate vy'amabuye vyanditseko ya Mategeko Cumi (Ihunguka 40,20). Bahavuye bayishiramwo kandi ikarabo ry'inzahabu ryarimwo manu be na "ya nkoni ya Aroni yanaga" (Abaheburayo 9,4; Ihunguka 16:33-34; Guharūra 17:10).

Biboneka ko iyo nkoni n'iyi karabo babikuyemwo kubera ko igihe isandugu yinjizwa mu rusengero bitari birimwo. (1Abami 8,9).

• Ukuntu bayitwara.

Yarerurwa n'abaleviti ku bitugu bakoresheje ya miniho ikozwe mu giti

c'umunyinya (Guharūra 7:9; 1 Ku Ngoma 15,15).

Iminiho yagumana n'isandugu ibihe vyose, abaleviti ntibigera bakora kuri iyo sandugu (Ihunguka 25,12-16). Bayirerura ipfukishije ya "rido yo gukingiriza", yatandukanya Aheranda n'Aheranda Rwose.—Guharūra 4:5, 6.

• Ico yagereranya.

Iyo Sandugu yerekana ko Imana iri kumwe na bo. Nk'akarorero, igicu caboneka hejuru y'Isandugu Aheranda Rwose be no mw'ikambi y'Abanyisirayeli cari ikimenyetso c'imihezagiro y'Umukama be n'uko ari kumwe nabo (Bene Levi 16,2); Guharūra 10:33-36)

Mu kwerekeza kuri ba bakerubini babiri bari kuri ya Sandugu, Bibiliya ivuga ko Umukama 'yicaye ku bakerubini.' (1 Samuweli 4,4 ; Izabuli 80,1). Abo bakerubini rero bari "ishusho y'umukogote" w'Umukama. Afatiye ku co iyo sandugu yagereranya, Umwami Dawidi yanditse ko Umukama "[y] aba i Siyoni," inyuma y'aho bayimuriyeyo (1 Ku Ngoma 28,18 ; Izabuli 9,11).

Isandugu y'isezerano yoba ikiriho?

Nta kubitwemeza. Bibiliya ivuga ko iyo sandugu itagikenewe kubera ko isezerano ryayo ryasubiriwe n'"isezerano rishasha," rishingiye ku kwitanga kwa Yezu Kri-

stu ku musaraba (Yeremiya 31,31-33 ; Abaheburayo 8 :13 ; 12,24). Bibiliya yari yaravuze ko hogeze igihe iyo sandugu ntibe ikiriho, ariko ko abasavyi b'Imana bogumanye iryo sezerano. (Yeremiya 3,16).

Inyuma y'aho hatangiwe isezerano rishasha, Umutumwa Yohaniyareretswe ya sandugu y'isezerano mw'ijuru (Ivyahishuriwe 11,15.19).

Iyo sandugu cari ikigereranyo c'uko Imana ishigikiye ikongera igahzagira rya sezerano rishasha.

Isandugu yoba yakora nk'igiheko?

Oya. Kugira isandugu y'isezerano si vyo vyatuma baroranirwa. Nk'akarorero, igihe Abanyisirayeli baja gutera igisagara ca Ayi bari bafise iyo sandugu mw'ikambi, yamara baratsinzwe bitumwe n'uko umwe muri bo yari yahemutse (Yuzuwa 7 ;1-6).

Ikindi gihe naho barayitwaye ku rugamba ariko baratsindwa n'Abafilisitini. Batsinzwe kubera ububi bwakorwa n'abaherezankuka babo Hofuni na Finehasi (1 samuweli 2 :12 ; 4 :1-11).

Abafilisitini barafashe nya sandugu ku rugamba, ariko Imana yarabateje ivyago kugeza aho bayigarukana muri Isirayeli (1Samuweli 5 :11-6,5).

Biracaza

Patiri Noël Ntirandekura

Ihwaniro ry'umuhari w'Abasaveri ku rwego rw'igihugu

Kuva ku wa 27 gushika ku wa 31 Myandagaro 2025, mu nyubakwa z'ikinya-makuru Ndongozi diyoseze nkuru Bujumbura, umuhari w'abasaveri ku rwego rw'igihugu waratunganije ihwaniro ryari rigizwe na bamwe mu banyamuhari w'abasaveri bari batowe mu maparuwase atandukanye agize ama diyoseze, mu ntumbero 3 arizo :

- Uguhimbaza imyaka 13 irangiye patiri Georges Defour yatanguje uwo muhari ashengeye,

- Kwirimbura kugira bitegurire neza ihimbazwa ry'imyaka 75 irangiye uwo muhari ushitse mu Burundi,

- Kwijira icese mu ndinganizo y'Ekleziya y'ihimbazwa rya Yubile yayo y'imyaka 2025, hamwe n'imyaka 100 y'ubusase-rdoti mu Burundi.

Mu nyigisho zitandukanye zagiye ziratangwa muri iyo misi, zashimikira cane cane ku bijanye n'uburongozi bwiza, inyigisho z'ugutunganya ibikorwa vyo kwiungunganya, izijanye n'ubu-



Foto: Chanel HARINGANJI

menyi bw'umuhari n'izindi zitandukanye.

Ku musi wa gatatu w'iryo hwaniro, harabaye ibikino bijanye n'imico n'akaranga k'Uburundi mu ntumbero yo kugaruka-na imigenzo myiza mu rwaruka rwa none yo gukunda ivy'iwacu, mu gihe rwatwawe n'ivyitwa amajambere muri iki gihe. Ico kikaba cari ikidasanzwe muri uwo muhari kuko bitari bimeyerewe.

Iryo hwaniro ryasozerewe n'Inkuka y'Imisa yahererejwe muri paruwase yitiriwe Mikaheli Mweranda irongowe na Nyenicubahiro Musingyizi Gervais Banshi-

miyubusa.

Afatiye ku bisomwa vy'uwo musi, yarasavye abasaveri ko mu butumwa bwabo bokwicisha bugufi, kuko uwuticisha bugufi wese arangwa n'ingeso mbi y'ubwishime na bwo bukaba ari bwo nkomoko y'izindi ngeso mbi zose.

Yarasavye abasaveri ko bokwama babona ubukene bwa bagenzi babo nk'uko boba ari aboro bariko barabasaba, ivyo bikaba biri mw'itegeko rimwe mu mategeko ngenderwako yabo.

Yohani Mariya Vianney Hasabamagara arongoye uwo muhari hano mu Burundi, avuga ko mu bintu bimuhimbura harimwo kubona ko abasaveri batari bake bakigendera akarangamutima k'umuhari nk'uko uwawutangujwe Patiri Georges Defour yavyifuza, ari na vyo bituma habaho abantu b'ubuntu, bakwiye Ubuntu n'ubukristu.

Agahimbarwa kandi n'uko ihangiro bari bari-



Yohani Mariya Vianney Hasabamagara arongoye umuhari w'abasaveri mu Burundi

haye gushikako muri iryo hwaniro barishitseko kuko uko bari baravyifuje ariko vyagenze.

Uwo muhari w'abasaveri rero, watangujwe na Patiri Georges Defourwa, uvukira mu gihugu ca Kongo mu mwaka w'1952, uca ushika mu Burundi mu 1953 ukaba washikiye muri paruwase Mikaheli Mweranda diyoseze nkuru ya Bujumbura.

Mwumenya ko mu mwaka wa 2027 ariho uwo muhari uzohimbaza yubile y'imyaka 75 ushitse aha mu Burundi.



Foto: Chanel HARINGANJI

Indwara zifatira mu mitsi no mu makonyera zituma abantu badashobora gukora neza akazi



Kw'igenekerezo rya 08 Nyakanga 2025, Ikigo canonosoye uburyo bwo gukinga indwara zifatira mu mitsi no mu makonyera, CPKINE, carahimbaje umunsi mukuru mpuzamakungu wahariwe ubuvuzi bw'ingwara zifatira mu mitsi no mu makonyero. Uwo munsi ukaba uhimbazwa kw'isi yose kuri iryo genekerezo, ukwo umwaka utashe.

Uwo munsi wahimbajwe ku civugo c'umwaka kigira kiti: «Gukinga ingwara zifatira mu mitsi no muma konyero, n'akamaro ka Ergonomie, Premier secours émotionnels n'a Thérapie manuelle».

Kubwa Déo Ndayishimiye, arongoye ico kigo CPKINE, avuga ati : « Ingwara zifatira mu mitsi no mu makonyera (Troubles musculo-squelettiques) ziriko zituma abantu badashobora gukora neza akazi, zikabangamira ubuzima bwacu n'icubahiro cacu.

Uyu munsi n'itariki yanditse mu mitima yacu, kandi kuri twebwe ni ikimenyetso co kwitanga kwacu kwa buri munsi. Urukundo n'umwete ni vyo bituranga kugira

dufashe abatwitura, kugarukana icizere c'ubuzi-



Muganga Deo Ndayishimiye, Umuhinga mu vyo kuvura indwara zifatira mu mitsi no mu makonyera

ma, n'akanyamuneza ko kubandanya kubaho».

Ihangiro ryacu, ni ugutanga ubuvuzi bwiza, kandi bwihariye, bituma abatwitura bagira amahirwe yo gusubira mu buzima bisanzwe, bwaba ubw'akazi, canke ubuzima bw'imiryango. Ni ikigo cama citwararika ubuzima bw'abacitura,

ata nkunzi.

Ibikorwa ikigo gitanga biri kwinshi:

1. Kinésithérapie :

- * Indwara z'umugongo,
- * Kwitaho abanonotsi,
- * Kuvura ikibazo co kuzungurirwa.
- * Kuvura kugira inguvu nke mu ngingo,
- * Impanuro zijanye no

Ikigo CPKINE, gifise amasezerano n'amashyirahamwe yukuvuzanya arenga 27, mu Burundi.

Ikigo CPKINE cabayeho mu mwaka wa 2019, biciye mw'itegeko ry'Ubushikiranganji bw'amagara y'abantu no kugwanya ikiza SIDA (Ordonnance Ministérielle no 1139/CAB/2018) kugira ngo gitore umuti w'ibibazo vy'abakeneye

kwicara neza bitarwaza umugongo.

* Kuvura imvune.

2. Kuvura ibibazo vyo Kuvuga, kumira, no guteba kuvuga k'umwana.
3. Gukora no gutunganya ibikoresho vy'abafise ubumuga.

4. Psychologie Clinique.
5. Orthopédagogie.

Médecine physique et réadaptation.

Tubamenyeshe ko kuri uyu munsi mpuzamakungu wahariwe kuvura indwara zifatira mu mitsi no mu makonyera, wahuriranye n'uko ico kigo CPKINE kiriko gihimbaza isabukuru ry'imyaka 6 iheze kivutse.

Patiri Noël Ntirandekura

Isomero ry'ibitabu rinywanisha imico mu Burundi

Isomero ry'ibitabu rizokwisunga amabwirizwa ngenderwako yo kunywanisha imico ni intango y'umugambi munini wo gushinga iki-go ndangamico kizoba gishinzwe kunywanisha imico y'abarundi n'imico mvamakungu. Ivyo ni ivyashikirijwe na Shingiro Processus ku wa 10 Nyakanga 2025 mu nyubakwa z'ikigo c'abamenyeshamakuru mu kiganiro yahaye abanditsi n'abamenyeshamakuru ku mugambi wo gushinga « isomero ry'ibitabu rinywanisha imico mu Burundi. »

Nk'uko Processus Shingiro abivuga, uwo mugambi wiwe ngo ufise ihangiro ryo kwungana nira canke gushira mu ngiro ibishikirizwa n'umwigisha wa kaminuza Patiri Adriyano Ntabona biri mu gitabu ciwe yise « Abashingantahe mu gihe tugezemwo co kunywanisha imico » (Les Bashingantahe à l'heure de l'Inter-culturation).

Mu gusigura umugambi wiwe, Shingiro Processus avuga ko yisunze ivyiyumviro vy'abantu batandukanye baharanira gukingira imico kandi batirengagije ko imico itera imbere.

Ukwo gutera imbere kw'imico mu gutira imico y'ibindi bihugu ntibituma abantu b'igihugu kanaka bibagira ibintu shingiro mu mico yabo bifatwa nka ntasubirizwa.

Mu gitabu ciwe « L'Ubuntu : ses roses et ses épines au Burundi », umwanditsi Patiri Adriyano Ntabona agira ati : « Ku binyerekeye, ndi ku musozo w'imirimu natoranye y'umushakashatsi. Naritegereje ikiremwa muntu mpe-reye mu bantu bari hafi yanje , biciye kandi mu bundi buryo bwo guhanahana amakuru, maze binyereka ko abantu mu gihugu canje, eka mbere no mu mahanga, batewe impungenge kandi babajewe n'ingene ubuntu bwifashe mu bantu ».

Umwanditsi Adam SMITH nawe, mu gitabu ciwe « La richesse des nations » avuga ati : « itunga rikuru ry'ihanga, imbere ya vyose, ni abantu baryo nyabo, basiga iragi ryiza. »

Kubwa Shingiro, ngo ukwo abo banditsi babona ibintu biri mu bituma nyamukuru yahisemwo gutera agacumu k'ubumwe kugira ngo afashe abandi barundi bariko baritanga kugira ngo igihugu c'Uburundi gishikire iterambere runtu kandi rirama.

Uwo mugambi umeze gute ?

Shingiro Processus rero ngo yarafashe umwanya ukwiye, aricara, arandika ibitabu bitandukanye, vyotangura gukoresha muri iryo somero ry'ibitabu. Ngo vyegeranirijwe mu bitabu binini binini vyitwa registres bigera kuri 40.

Ivyo bitabu ngo biri mu mice nyamukuru ibiri :

1. Umugwi wa mbere ngo ugizwe n'ibitabu vyashoboye kwegeranywa vyerekeye Uburundi. Ngo bizofasha kuzirikana neza igihugu cacu kubera ngo ukunywanisha imico bihera mu guha agaciro akaranga kagizwe n'imico yacu.

2. Kubera ko imico y'ibihugu ari magiriranire nk'uko Patiri Adriyano akunda kubivuga, umugwi wa kabiri ngo ugizwe n'ibitabu bitari bike vyerekeye imico itari iyo ngaha iwacu, ariko ishobora kutubera ngirakamaro.

«Izina niryo muntu» kandi «Isase riva ku cuma»

Shingiro Processus ni izina ubwaryo ryikwiye. “Shingiro” yahisemwo kurondera gutsimbataza icobera ishingiro ry'iterambere ry'abarundi cane cane mu gukingira no guteza imbera imico n'akaranga vyamye biranga abarundi.

Ariko kandi, ico gikorwa gifata urugendo runini. Ijambo “Processus”, risanzwe rifise iyo nsiguro y'urugendo, y'ibintu bifise aho bitangurira ariko kandi bifise iyo bishaka gushika.

Iki gikorwa rero co kurwanira no gukingira imico n'akaranga ni urugendo runini, rudashoka ruhera ariko umwe wese agatanga intererano yi-

we (Processus mu rurimi mvamakungu).

Vyongeye, Shingiro Processus ni mwene Ndirabika Augustino. Abaho ha mbere, uwo Augustino bamuzi cane cane mu ndirimbo nziza cane yahinguye zihayagiza igihugu cacu.

Uturorero twotanga ni:

« Mwananje ntunanirwe, ibanga riraheberwa, ubuzima si ugufyina, akagumyemwananjebagumako, ntawurya mwananje akatamugoye ntunanirwe, ibanga riraheberwa, ubuzima si ugufyina, akagumyemwananjebagumako, ntawurya mwananje akatamugoye ».

Iyindi ndirimbo benshi bamenyereye ni indirimbo ihayagiza umuganwa atari umugani Rudoviko Rwagasore: «Uwiguz'Uburundi Rwagasore Louis, yapfiriye Uburundi mu gukiza abarundi ».

Uwo Augustino Ndirabika, ari kandi mu batorokanije amajambo bongera bararirimba uruvyino ruhayagiza ubumwe bw'abarundi, rudasiba gusamirana kuwa 05 Ruhuhuma uko umwaka utashe.

Shingiro Processus ari mu makanda ya se, yo gushira imbere urukundo rw'igihugu mu guteza imbere imico n'akaranga vy'Uburundi.

Mélance Ndayikeze

Abana b'abigeme biyemeje kuronka amanota meza

Kw'igenekerezo rya 4 nyakanga 2025, hari muri Komine Muyinga, intara ya Butanyerera, François Havyarimana, Umushikiranganji w'indero n'ubushakashatsi yaratangaje ko umwaka w'ishure 2025-2026 uzotangura icese kuwa 15 nyakanga 2025.

Muri iryo tangazo, yaramenyeshye ko hari amashure abiri mashasha afise ubura bw'abanyeshure (Lycées à régime d'internat) uzokwugurura imiryango yayo. Ayo nayo ni Ishure ry'Imyuga ryitiriwe Melchior Ndadaye (Lycée Technique Melchior Ndadaye) ry'i Nyabihanga, na Lycée Al Maktoum ryo mu Rumonge.

Yaboneyeho n'ukumenyesha amanota yafatiweko mu kibazo ca Reta giha uburenganzira abanyeshure kubandanya igice c'inyuma y'ishure shingiro. Ayo manota nayo ni 98 ku 200, n'ukuvuga ibice 49 kw'ijana.

Umunyeshure yabaye uwa mbere mu kibazo ca Reta kandi yaronse amanota menshi ni Mugisha Jancy Kayla, yiga kw'ishure ry'akarorero ryo mu Ngagara. Afise amanota 191 ku 200.

Amashure cumi ya mbere afise amanota meza cane n'ukuvuga 100 kw'100 (100 % de réussite) ni: Ngagara, Rusengo, Musenyi, Makamba na Musinzira, amashure y'akarorero n'ayasanze 5 (Ecoles ordinaires) : La Pépinière (Mugere),

SOS Bujumbura, Saint-Esprit Bujumbura, École fondamentale de Kibati (Kayanza) n'iseminaru Ntoyi yo mu Dutwe (Ruyigi).

Ngaba Abanyeshure 10 babaye aba mbere mu kibazo ca Reta co mu mwaka w'icenda gitanga uburemerenganzira bwo kwinjira mu mashure y'inyuma y'ishure shingiro:

1. Mugisha Jansy Keilla wo kuri Lycée d'Excellence Ngagara yaronze amanota 191/200.

2. Igiraneza Kelly Doria wo kuri Lycée d'Excellence Ngagara : 188,5/200.

3. Ihezagire Evane Bethel wo kuri Lycée d'Excellence Ngagara : 188,5/200.

4. Ngabirano Jeicha Charité wo kuri Lycée SOS y'i Bujumbura : 188/200.

5. Niyonkuru Maëlle Omnia Tania Jospa wo kuri Lycée SOS y'i Bujumbura : 188/200.

6. Imanishimwe Joyce wo kuri Lycée d'Excellence Musinzira y'i Gitanga : 187,5/200.

7. Shimwe Hozana Océane wo kuri Lycée SOS y'i Bujumbura : 187,5/200.

8. Irashitsa Igor wo kw'ishura Saint Joseph ry'i Bujumbura : 187/200.

9. Nindamutsa Nosca Bérénice wo kuri Lycée d'Excellence Ngagara 186,5/200.

10. Niyokwizera Fleury

Morgan wo kuri Lycée d'Excellence Musenyi : 186,5/200.

Mwumenya ko ibice 60,2 kw'ijana vy'abakoze ico kibazo ari abigeme mu gihe ibice 39,2 kw'ijana ari abahungu kandi ko no mu mwimbu w'ico kibazo, abigeme aribo bafise amanota meza kurusha abahungu, aho bamenye ku bice 57,5 kw'ijana mu gihe abahungu bamenye ku bice 42,5 kw'ijana.

Umushikiranganji w'indero n'ubushakashatsi François Havyarimana akavugaga ko kubona abigeme ari bo benshi, vyerekana ko abigeme bijukiyeye amashure.

Mwumenya kandi ko no mu banyeshure cumi babaye aba mbere muri ico kibazo ku rwego rw'igihugu, batandatu ari abakobwa.

Ariko kandi hariho n'amashure abanyeshure bayo baronse amanota adashimishije cane. Nk'ishure Lycée Technique Buterere ryo mu gisagara ca Bujumbura ni ryo ryabaye irya nyuma mu gihugu cose mu kibazo ca Reta c'umwaka w'icenda c'umwaka wa 2025, aho ata munyeshure n'umwe yatoye ico kibazo.

Amashure 10 ya nyuma akaba ari aya akurikira :

1. Ecofo Gihanga y'i Ngozi : 8,33%.

2. Ecole Euphrasap ryo mu gisagara ca Bujumbura : 8,33%.

3. Ideale del'Horizon mu gisagara ca Bujumbura

: 5,56%.

4. Ecofo Murara ryo muri Komine Mukaza : 5%.

5. Ecofo Debout bébé ryo muri komine Burambi ya kera : 5%.

6. Ecofo Moderne du Burundi ryo muri Komine Ntahangwa : 3,6%.

7. Lycée Technique Donde Dieu ryo mu gisagara ca Bujumbura : 1;72%.

8. ETALIBU ryo mu gisagara ca Bujumbura : 0%.

9. Lycée Technique Bukirasazi ryo mu gisagara ca Bujumbura : 0%.

10. Lycée Technique Buterere ryo mu gisagara ca Bujumbura : 0%

Amashure 8 yo mu gisagara ca Bujumbura akaba ari yo ari muri 10 ya nyuma mu gihugu cose.

Ng'uko uko amashure yarushanijwe mu manota, dufatiye ku ntara :

1. Buhumuza 89,29%

2. Gitanga 81,50%

3. Butanyerera 81.34%

4. Burunga 79,48%

5. Bujumbura 72,72%

Tubamenyeshe ko umwaka w'ishure wa 2025 ushira uwa 2026 uzotangura kw'igenekerezo rya 15 Nyakanga, mu Burundi bwose.

Patiri Noël Ntirandekura

Uburenganzira bw'abana bwo gukingirwa

Ko twahisemwo kubayagira ivyerekeye uburenganzira bw'abana bwo gukingirwa, nimudukundire dutangure tubabwirere ico ari co umwana.

Nk'uko tubisanga mu ngingo ya mbere y'amasezerano mpuzamakungu yubahiriza agateka k'abana, umwana ni uwo muntu wese afise imyaka itarashika 18, kiretse mu gihe hokurikizwa ayandi mategeko aha umwana uburenganzira bwo gufatwa nk'uwukuze.

Ubu burenganzira rero burafise ingene butegekanijwe haba mu mategeko yo ku rwego mpuzamakungu ndetse no mu mategeko yo ku rwego rw'Uburundi.

1. Ingene amategeko yo ku rwego mpuzamakungu ategakanyaburenganzira bw'abana bwo gukingirwa.

Kuvyerekeye ingene amagara y'umwana ategerezwa gukingirwa.

Umwana iyo avutse, ategerezwa gukingirwa kugira ngo akurane amagara meza.

Ku rwego mpuzamakungu, harerekanwa ingene ubwo burenganzira butegerezwa kwubahirizwa mu bihugu bitandukanye.

Nk'uko urubuga ngurukanabumenyi rw'abaganga batagira imbibe (medicalguidelines.msf.org/consultations/prenatales) rubivuga, umuvyeyi yibungenze ategerezwa gupimisha

imbanyi n'imiburiburi incuro 4.

Mu mezi atatu ya mbere y'imbanyi, mu mezi 6, n'iyindi yo ku mezi 9. Imbere y'uko yibaruka, ategerezwa gupimisha imbanyi incuro ya 4 ariyo ya nyuma.

Birategekanijwe kandi mu ntangamarara y'amasezerano mpuzamakungu yubahiriza agateka k'abana, ko umwana akwiye gukingirwa biciye mu mategeko canke ahandi imbere y'uko avuka ca-nke yavutse.

Mu ntumbero yo kwubahiriza bikwiye umwana, Reta itegerezwa gukora ibishoboka vyose kugira ngo umwana acandarwe, akingirwe yongere avuzwe agwaye, gurtyo agire amagara meza.

Tubisanga mu ngingo ya 24 y'ayo masezerano nyene yubahiriza agateka k'abana, ivuga ko Reta igira uko ishoboye kwose kugirango amagara y'umwana akingirwe, mukumuronsa uburyo bwo kwivuzza.

Ku vyerekeye ingene umwana ategerezwa gukingirwa gukoreshwa ibikorwa bibangamira ubuzima bwiwe

Kugira umwana akure atekaniwe, ategerezwa kwubahirizwa mu burenganzira bwiwe bwo kudakoreshwa ibikorwa bibangamira ubuzima bwiwe, kandi Reta itegerezwa gushiraho amategeko yerekana ingene bitegerezwa gukorwa.

Ingingo ya 32 y'amase-



zerano mpuzamakungu yubahiriza agateka k'abana ivuga ko umwana ategerezwa gukingirwa igikorwa cose gishobora gutuma ubuzima bwiwe buhungabana, indero yiwe canke iterambere ryiwe, ryaba iryo ku mbiri canke iry'ubwenge bwiwe.

Mu ntumbero yo gukingira umwana ibikorwa bishobora kubera intambamyi iterambere ry'ubuzima bwiwe, iyi ngingo ya 32 ibandanya ivuga ko Reta ishingira imyaka yo gutangura gukora a-kazi kandi igatunganya n'ingene gakorwa.

Ivuga kandi ko ibihugu vyemeje aya masezerano biba vyemeye ko umwana ategerezwa gukingirwa kugira ntacurwe bufuni na buhoro kubera amaronko, kudategekwa gukora akazi kotuma agira impanuka, komutesha amashure, komwononera amagara, canke kakaba intambamyi kw'iterambere ry'ubwenge n'umubano vyawe.

Iyi ngingo irerekana neza ko umwana ategerezwa kwubahirizwa mu burenganzira bwiwe bwo kudakoreshwa ibikorwa bibangamira amagara yiwe kubera inyungu za nyene kubimukoresha.

Ku vyerekeye ingene umwana akingirwa kuborezwa igufa no kwakwama umwidgegemvyo.

Ingingo ya 37 y'amasezerano mpuzamakungu yubahiriza agateka k'abana ivuga ko, ata mwana n'umwe yoborezwa igufa, yohabwa ibihano vy'agakura canke ngo afatwe bunyamaswa.

Iyi ngingo ibandanya ivuga ko, iyo bishitse umwana akagirizwa icaha bikaba ngombwa ko abuzwa umwidgegemvyo, bitegerezwa kwisunga amategeko, kandi bigategerezwa kumara igihe gito gishoboka.

Iyi ngingo iratomora ko ivyo bikorwa mu gihe ata bundi buryo bundi busigaye bwo kubuza iryo yakwama ry'umwidgegemvyo.

N'amasezerano ya Afrika yubahiriza agateka n'ukubaho neza kw'abana, yaragize ico avugaga mw'iyubahirizwa ry'uburenganzira bw'umwana mu gihe yagirizwa icaha

Ingingo ya 17 y'ayo masezerano ivuga ko ibihugu vyayashizeko umukono vyiyemeza ko umwana yikekwako icaha adakwiye gusinzikarizwa ubuzima, ko

Uburenganzira bw'abana bwo gukingirwa

(Bitangurira ku rup.10)

yoronswa umushingwa-manza kandi ko atopfugirwa hamwe n'abantu bakuze.

2. Ingene amategeko y'Uburundi ategakanya uburenganzira bw'abana bwo gukingirwa.

Ku bijanye no gukingira amagara y'abana, mu bitaro bitandukanye vyo ngaha mu Burundi, hariho ibisata bijejwe gukurikirana a-bavyeyi bibungenze no mu gihe bamaze kwibaruka (consultations pré et post natales).

Ivyo bikorwa mu ntumbero yo gukingira amagara y'umuvyeyi n'ikibondo, kandi bikorwa ku buntu.

Umwana amaze kuvuka, avurwa ku buntu mu ntumbero yo gukingira kurusha amagara, nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya gatatu y'itegeko no 100/38 ryo ku wa 16 ntwarante 2010 risubiramwo itegeko no 100/136 ryo ku wa 16 ruheshi 2006 ryerekeye kuvuza ku buntu abana batarakwiza imyaka 5 hamwe no kwibaruka ku buntu, mu bitaro n'amavuriro yegukira Reta canke afitaniye amasezerano na Reta.

Ariko naho biri uko, twomenya ko umwana kugira avurwe ku buntu, nuko aba yarandikishijwe mu bitabu ndangamuntu, akaronswa urupapuro rw'amavuko.

Igitabu c'amategeko age-nge ingo n'abantu mu

Burundi, carategekanijwe ko abavyeyi bategerezwa gukingira ubuzima bw'umwana.

Ingingo ya 289 ivuga ko, se na nyina b'umwana ari bo bajejwe abana kandi bategerezwa kubarera, kubakingira, bakabaha n'ivyo bakeneye vyose hisunzwe uburyo bafise. Muri ivyo vyose bakeneye, ingaburo nziza iza imbere ya vyose.

Kuvyerekeye kwubahiriza uburenganzira bw'umwana bwo kudakoresha ibikorwa bibangamira amagara yiwe, ingingo ya 45 y'I-bwirizwa Shingiro nyene ivuga ko, bibujijwe ko umwana uwo ari we wese akoresha mu ntambara, ko mu gihe c'intambara abana bategerezwa gukingirwa.

Ingingo ya 44 na yo ivuga ko umwana wese afise uburenganzira bw'ukubungabungwa no kworoherezwa kurusha uko abayeho mu vyerekeye amagara yiwe, umutekano wiwe, ukudafatwa bunyamaswa, ukudacurwa bufuni na buhoro n'ukudakoresha ibikorwa bi-



saba inguvu adafise.

Muri iyi ngingo tura-



bonamwo ko umwana ategerezwa kubungabungirwa amagara no gukingirwa ivyo vyose vyoza bituma umutekano wiwe uhungabana.

Mu ntumbero yo gukingira umwana gukoreshwa ibikorwa bibangamira ubuzima bwiwe, Itegeko nshikiranganji n° 630/1 ryo ku wa 5 nzero 1981 rirerekana ingene akazi k'abana gategerezwa gutunganywa kandi hubahirijwe uburenganzira bwabo.

Uwutubahirije uburenganzira bwo kudakoresha umwana ibikorwa bituma amagara yiwe abangamirwa, arahanwa hisunzwe ingingo ya 545 y'igitabu c'amategeko mpanavyaha c'Uburundi.

Umwana arakingirwa no mu gihe yagiriwe n'icaha.

Nk'uko ingingo ya 46 y'I-bwirizwa Shingiro ibivuga, birabujijwe gupfunga umwana kiretse ata kundi vyogenda, naho nyene agapfungwa igihe gito gishoboka. Bishitse naho agapfungwa, ategerezwa gutandukanywa n'imbohe zirenza imyaka cumi n'umunani y'amavuka kandi agafatwa mu buryo bukwiranye n'imya-

ka yiwe.

Bishitse agapfungwa, arakingirwa ingeso mbi yohava yigishwa n'abo bapfungiwe hamwe.

Nk'uko ingingo za 281,287 hamwe n'iy'296 z'igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa zibivuga, mu gihe uwiwekwako icaha ari umwana, urubanza rwiwe ntirucibwa co kimwe n'urubanza rw'abantu bakuze.

Urwo rubanza rutegerezwa kuburani-shirizwa mu mwiherero, iyo bishitse umwana agapfungwa, ategerezwa gutandukanywa n'abakuze kugira ngo ntahave ahigira ingeso mbi.

Mu gusozera, twomenya ko uburenganzira bw'umwana bwo gukingirwa, bwategekanijwe n'amategeko mpuzamakungu ndetse n'amategeko y'Uburundi, kugira ngo nk'uko twabibonye, amagara y'umwana agume akingiwe, gurtyo ineza yiwe ndetse na kazoza kiwe bigume biri imbere.

Ikigo kijejwe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko
«CPDHPG»

Ekleziya yaraye igabanye aberanda bashasha

Ku wa 7 Myandagaro 2025 Papa Fransisiko yarashinze mu murwi w'aberanda Abatariya-no babiri Pier Giorgio Frassati yapfuye afise imyaka 24 na Carlo Acutis yapfuye afise imyaka 15.

Inkuka y'imisa yivyo birori yabereye i Vatikanu muri bazirike yitiriwe Patero mweranda, aho abakristu bari baje bava mu mihingo itandukanye: abaje baserukiye abandi ku buryo budasanzwe, Abepisikopi, abasaserodoti, abihebeyimana, abari mi mihari n'imirwi itandukanye, abana, urwaruka, imiryango yabo bahimbazwa n'abandi bakristu bashika ibihumbi 80 bari baje kwigina abo beranda.

Imbere y'inkuka y'imisa, Papa Lewo wa 14, yatumiriye ishengeru ry'Imana kwinjira muri ayo masabamana n'umutima winjiye mu gisabisho, kandi wipfuzwa kwakira ivyiza vy'Imana vy'uho munsu. Yongera abatumiye kumva mu mitima yabo ivyo Carlo Acutis na Pier Giorgio Frassati bumvise mu gukunda Yezu Kristu na

cane cane muri Ukaristiya, mu boro no muri benewabo.

Ibirori vyo gushira mu murwi w'aberanda abo bahimbazwa vyabaye mu ntango y'imisa inyuma yo kuririmba ururimbo rwo kwambaza Mutima Mweranda.

Mu nsiguro y'ijambo ry'Imana Papa Lewo wa 14 yashimikiye kw'ijambo ry'Imana ryo kw'idominika ya 23 yo mu mwaka C, aho Yezu yatumiriye abatumiye biwe n'abazomwera kwiheba bakikorera umusalaba wabo wa minsi yose bakamukurikira. Ati muri iryo jambo, Yezu atumirira uwa Kristu wese kwivako akiyonkora ivyo vyose vyotuma atumviriza neza ijambo ry'Imana.

Abandanya amenyesha urwaruka rwari aho ko intambanyi nyamukuru ibangamiye ubuzima bwabo ko ari ugusesagura ubuzima bwabo bahaye umugongo umugambi Imana ifise ku buzima bwabo.

Afatiye ku buzima bwa Fransisiko w'i Asize mweranda, aramenye-

sha ko kuva kera urwaruka rwamye rwitura Imana rugahitamwo kuyikorera ubuzima bwabo bwose. Intango ya vyose ikaba ari ego bisuhuye Imana mu bwana bwabo, bagaheza bakihereza rwose Imana ataco bisigarije. Ati Frassanti na Acutis baragaragaje urukundo rudasanzwe bakunze Ye-zu n'umugenzi, bakanatanga ubuzima bwabo mu kwitangira aboro.

Papa Lewo wa 14 abandanya yerekana ishusho yabo beranda ingene babagariye urukundo rw'Imana muribo n'abenewabo muri bitobito, mu guhurumbira iminsi yose inkuka ya misa, igisabisho na canecane isaha nyera.

Carlo mu kugaragaza agaciro k'isaha nyera yavuze ati : « Imbere y'izuba, turashonga, imbere y'Isakramentu ry'Ukaristiya tuba beranda », « Umubabaro ni ukwisubizako amaso, ubuhirwe ni uguhanga amaso Imana. Uguhinduka si ikindi ni uguhindukiza amaso uyerekeza ku Mana, ntibisaba umwanya, uhindukiza amaso rimwe gusa bikaba bihagije ».

Frassati nawe ati : « Hampande y'aboro n'abarwaye, jewe ndahabona umuco udasanzwe, tutaronka ahandi ».

Papa akamenyesha kandi ko abo beranda baranzwe no guhunga igicumuro mu guhurumbira cane isakramentu ry'iki-

gongwe, ukwigana aberanda no gukunda cane umuvyeyi Bikira Mariya mu gisabisho c'ishapule.

Yaheraheje iyo nyigisho atumirira abakristu guhanga amaso Imana ubudahengeshanya no kuyishira mu bikorwa vyacu vya minsi yose.

Pier Giorgio Frassati na Carlo Acutis ni bande ?

Pier Giorgio Frassati yavukiye mu Butariyano i Turin ku wa 6 Ndamukiza 1901. Avukira mu muryango utunze, ariko we yashimye ubuzima bubayabaye mu kwihebera aboro n'abarwaye. Apfa ku wa 4 Mukakaro 1925 ahitanwe n'indwara ya « Poliomielite » yandukijwe n'abarwaye yakurikirana.

Carlo Acutis nawe yavukiye i Londres mu Bwongereza ku bavyeyi babatariyano ku wa 3 Rusama 1991. Akurira mu muryango w'Abakristu. Arangwa n'urukundo yakunda Ukaristiya no kumenyesha inkuru nzi-za aciye ku buhanga ngurukanabumenyi. Yitavye Imana ahitanwe n'indwara ya cancer yo mu maraso ku wa 12 Gitugutu 2006 afise imyaka 15.

Tubamanyeshe ko abo beranda uko ari babiri ibitangaro vyatumye bashirwa mu beranda ari ugukira indwara kw'abasavye Imana ugukira babaciyeke.

MSV M Goreth Ndikumana

